



Benefis Pou Timoun ki Enfim

Ki sa ki andedan

Entwodiksyon	1
Pèman Revni Sekirite Siplemanchè (SSI) pou timoun ki andikape	1
Benefis Asirans Envalidite nan Sekirite Sosyal (SSDI) pou adilt ki andikape pandan yo te timoun	3
Fason pou aplike pou pèman benefis SSI oswa SSDI epi fason ou ka ede	4
Pwogram sipò pou travay pou jèn moun ki andikape	4
Medicaid ak Medicare	5
Pwogram asirans medikal pou timoun	5
Lòt sèvis swen medikal	5
Pou kontakte Sekirite Sosyal	6

Entwodiksyon

Bwochi sa a se pou paran yo, moun k ap pran swen timoun, oswa reprezantan timoun ki poko gen 18 an ki andikape ki ka pèmèt yo elijib pou yo resevwa pèman Revni Sekirite Siplemanchè (SSI). Epitou se pou adilt ki te vin andikape pandan yo te timoun (anvan yo te gen 22 an), epi ki ka gen dwa pou resevwa benefis Asirans Envalidite nan Sekirite Sosyal (SSDI). (Nou rele benefis SSDI sa a yon benefis pou “timoun” paske yo peye benefis sa a dapre dosye salè Sekirite Sosyal yon paran.)

Bwochi sa a pral ede w decide si pitit ou a, oswa yon lòt timoun ou konnen, ka elijib pou resevwa SSI oswa Sekirite Sosyal.

Pèman Revni Sekirite Siplemanchè (SSI) pou timoun ki andikape

SSI voye pèman chak mwa bay moun ki gen revni ba ak resous ki limite ki gen 65 an oswa plis, oswa ki avèg, oswa ki andikape. Pitit ou a, si l poko gen 18 an, ka kalifye si li genyen yon pwoblèm fizik oswa mantal, oswa toule de, ki satisfè definisyon Sekirite Sosyal pou timoun ki andikape, epi si revni l ak resous li tonbe nan limit yo fikse pou elijiblite a. Montan pèman SSI yo diferan nan chak eta paske gen kèk eta ki ajoute sou pèman SSI la. Biwo lokal Sekirite Sosyal ou a ka ba w plis detay sou pèman total SSI nan eta kote w abite a.

